



Julie Dill
Director of Curriculum
and Professional
Development

WICOMICO COUNTY PUBLIC SCHOOLS
DIVISION OF INSTRUCTION
Department of Curriculum and Professional Development

P.O. Box 1538, 2424 Northgate Drive, Salisbury, MD 21802-1538
410.677.4587 (Office) 410.677.4406 (Fax)

6 Janvyè, 2023

Chè paran/gadyen:

Lwa Eta a egzije pou tout Elèv ki ap Aprann Lang Angle, soti nan Klas K-12 nan lekòl leta Maryland yo pou yo patisipe nan yon evalyasyon ki rele evalyasyon Konpetans Lang Angle MCAP chak ane. Objektif evalyasyon an se pou jwenn plis konesans sou fason elèv yo ap metrize akizisyon Lang Angle a. Objektif evalyasyon an se pou mezire kapasite pitit ou a pou li pale ak ekri sou sijè akademik yo. Kòm yon pati nan evalyasyon an, pitit ou a pral patisipe nan kat tès ki konsantre sou domèn sa yo: Lekti, Ekri, Koute, ak Pale. Yo idantifye pitit ou a kòm yon Elev ki a *Aprann Lang Angle*. Pitit ou a ap gen pou li pran tès la chak ane jiskaske nòt li satisfè kritè pou li soti nan pwogram sipò lang lan (MCAP ELP 4.5 an jeneral). Nòt ki soti nan ACCESS pou ELLs 2.0 ka itilize nan plizyè fason. Paran yo ka sèvi ak nòt yo pou defann pitit yo. Pwofesè yo itilize nòt yo pou planifye enstriksyon ak evalyasyon. Distri yo itilize nòt yo pou evalye pwogram sipò lang yo, pou kontwole pwogrè elèv yo nan aprann Angle, epi pou detèmine si yon elèv elijib pou sòti nan yon pwogram sipò pou lang Angle. Yo itilize nòt yo tou pou satisfè egzijans responsablite federal ak eta an.

Ane sa a, nou pral administre MCAP ELP ant 9 Janvyè ak 17 Fevriye. Pwofesè ELL oua oswa Kowòdonatè Egzamen Lekòl la ap fè ou konnen dat egzak yo pral evalye pitit ou a.

Pou aprann plis sou evalyasyon pitit ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a. Tanpri, pa ezite kontakte Biwo Evalyasyon ak Responsablite an si w gen nenpòt kesyon konsènan evalyasyon MCAP ELP nan nimewo 410-677-4477.

Sensèman,

Karen Hitch

Karen Hitch
Sipèvizè Evalyasyon ak Responsablite
kparsons@wcboc.org